

Nimewo 47.7

DEKRÈ EGZEKITIF

**DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NOUYÒK EPI ÒDONE  
GAD SÈVIS NASYONAL NOUYÒK POU METE YO NAN SÈVIS AKTIF POU EDE OTORITE YO  
GARANTI LÒD PIBLIK AK PWOTEKSYON PWOPRIYETE PIBLIK NAN DIVÈS ESTABLISMAN  
PENITANSYÈ YO**

**KONSIDERE KE**, nan dat 17 fevriye 2025, epi kontinye apre sa, yon grèv ajan koreksyonèl ilegal te kreye yon menas iminan pou sekirite ajan prizon yo ki nan travay kounye a, plis pase 32,290 moun nan Depatman Koreksyon ak Siveyans Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision) a ak kominote ki ozalantou etablisman koreksyonèl sa yo;

**KONSIDERE KE**, apre revizyon, gen yon bezwen kontinyèl pou sipòte anplwaye yo, sekirize moun ki anba swen Depatman Koreksyon ak Siveyans Kominotè a, prezève resous anplwaye yo, epi asire operasyon an sekirite nan etablisman koreksyonèl yo nan tout eta a;

**SE POUTÈT SA, KOUNYE A, Mwen, Kathy Hochul**, Gouvènè Eta Nouyòk, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta Nouyòk la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfyè mwen, mwen konstate bezwen kontinyèl pou yon òd ijans pou katastwòf nan tout eta a pou sipòte operasyon an sekirite ak efikas nan etablisman koreksyonèl yo. Dekrè Egzekitif sa a ap rete an vigè jiska dat 31 jiyè 2025.

**ANPLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la, avèk dokiman sa a, mwen sispann oswa modifye tanporèman lwa sa yo jiska 31 jiyè 2025:

- Seksyon 97-G nan Lwa sou Finans Eta a (State Finance Law), nan mezi sa nesesè pou achte manje, founiti, sèvis, ak ekipman oswa pou founi divès sèvis santralize pou ede otorite lokal yo, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa fè pati Eta a ki afekte yo pou yo fè fas ak sitiyasyon ijans lan ak rekipere yo.
- Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi li annakò avèk Atik V, Seksyon I nan Konstitisyon Eta a, epi nan mezi sa nesesè pou ajoute plis travay, chantye ak tan nan kontra Eta a; epi
- Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta a, nan mezi sa nesesè pou achte pwodui, sèvis, teknoloji, ak materyèl ki nesesè yo, san yo pa swiv avi ak pwosesis acha nòmal yo;

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan  
Vil Albany nan 1<sup>e</sup> jou mwa jiyè sa nan ane  
de mil vennsenk.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A